Пщэдей Москва щызэхэтынущ ТекIуэныгъэм и парад 75

Иуан Хьэсэн

Къанкъуэщ Ахьмэдхъан

Къуэныкъуей Назир

Кърдэн Къэбард

Кърдэн Къубатий

Мэсей Аслъэнджэрий

Тамбий Владимир

Яхэгуауэ Михаил

УФ-м и Президент Путин Владимир Iэ тридзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм къэрал дамыгъэхэр къаззрыхуигъэфэщам теухуа указхэм

Урысейм и Президент Путин Владимир мэкъуауэгъуэм и 21-м Iэ тридзащ къэралым и медицинэ, щIэныгъэ Iэзхущ Iапlэхэм я лэжьакIуэхэм коронавирус узыфэ зэрыцIалэм пэщIэтыным хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэм, я къару емыблэжу зэрылэжьам, Iэщlагъэм фIыуэ зэрыхащIыкIым папщIэ къэрал дамыгъэхэр етыным теухуа указхэм.

Путин В. В. и указхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ:

ПИРОГОВЫМ И ЦIЭР ЗЕЗЫХЬЭ ОРДЕНЫР:

Ашэбокъуэ Маргаритэ Хьэжмурат и пхъум - къудамэм и унафэщIым
Бэрбэч Маргаритэ Къэралбий и пхъум - дохутырым
Доттуевэ ФатIимэт Нартщауэ и пхъум - дохутырым
Елокъуэ Эммэ Борис и пхъум - дохутырым
Залихановэ Аружан Хъызыр и пхъум - дохутыр нэхъыщхьэм и къудзэм
Корольков Игорь Лев и къуэм - къудамэм и унафэщIым
Къуэшмэн Анжелэ Хъусен и пхъум - дохутырым
Чочаевэ Аминат Юсуп и пхъум - дохутырым
Шэджэмокъуэ Юля Жантемыр и пхъум - дохутырым
Щоджэн Iэсият Борис и пхъум - дохутырым

«ХЭКУМ И ПАЩХЬЭМ ЩIIЭ ФIЫЩIэХЭМ ПАПЩIЭ ОРДЕНЫМ» И II НАГъЫЩЭМ И МЕДАЛЫР:

Блашэ Iэминат Мухьэб и пхъум - медсестрам
Вэрокъуэ Маринэ МуIэед и пхъум - санитаркэм
Гажоновэ Алиэтта Далхат и пхъум - медсестрам
Гаренкэ Ольгэ Владимир и пхъум - санитаркэм
Джэду Iэсият Аскэрбий и пхъум - медсестрам
Къуэщ Iысокъуэ Ларисэ TIутIэ и пхъум - санитаркэм

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ И ПРЕЗИДЕНТЫМ И ЩIЫХЬ ТХЫЛЪЫР:

Абазэ Оксанэ Къэралбий и пхъум - санитаркэм
Бэрбэч Жаннэ Руслан и пхъум - къудамэм и унафэщIым
Брай ШэIимэт Мэхьил и пхъум - санитаркэм
Дымэн Иринэ Мухьэмэд и пхъум - къудамэм и унафэщIым
Чэрим Светланэ Залымхъан и пхъум - дохутырым
КъуэщIысокъуэ Мадинэ Хъусен и пхъум - санитаркэм
Кочкаровэ Анжеллэ Ахьмэт и пхъум - медсестрам
Мэшыкъуэ Заремэ Мухьэмэд и пхъум - санитаркэм
Ныбжь Людмилэ Мирон и пхъум - дохутырым
Сасыкъ Мадинэ Мухьэмэд и пхъум - къудамэм и унафэщIым
Хьэщпакъ Жаннэ Борис и пхъум - къудамэм и унафэщIым
Чып Джулетэ Нажмудин и пхъум - фельдшер-лаборант нэхъыжьым
Шевченкэ Галинэ Николай и пхъум - санитаркэм
Щоджэн Иннэ Сэлам и пхъум - медсестрам
Щоджэн Ланэ Лиуан и пхъум - къудамэм и унафэщIым

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ И ПРЕЗИДЕНТЫМ ФIЫЩIЭ ЯХУИЩIАЩ:

Бэдракъ Индирэ Анатолий и пхъум - медсестрам
Битокъу Алеся Iэуес и пхъум - медсестрам
Зэгъэщтокъуэ Маринэ Хьэсэн и пхъум - рентген Iэмэпсымэм и лаборантым
Щоджэн Аслъэн Артур и къуэм - дохутырым.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№73 (24.043) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек совет сэлэтхэм я фэеплъыр щигъэлъэпIащ «910-нэ лъагапIэм» деж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм щыIащ Бахьсэн щIынальэм щыIэ «910-нэ лъагапIэ» фэеплъым деж икIи абы удз гъэгъахэр трилъхьащ.

IУЭХУМ апхуэдэу хэтащ Бахьсэн щIынальэм и администрацэм и унафэщI Балъкъыз Артур, муниципалитетым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Абазэ Анатолэ сымэ.

Удз гъэгъахэр фэеплъым тралъхьа нэужь КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу зэрагъэпэщыжа мемориал комплексыр икIи щIынальэм и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ ар зыхуей хуэзэу зехьэным я нэIэ зэрытрагъэтым папщIэ.

1942 гъэм и гъэмахуэм фашистыдзэхэм, Псыхуабэ къалэр яубыдри, Кавказ Ищхъэрэм адэкIи къебгъэрыкIуащ. 1942 гъэм и щыщхьэIум къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и щIышлэ пщIондэ совет сэлэтхэр щIэзэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIынальэм. Псом хуэмыдэу бийм гущIэу щыпэщIэтащ «910-нэ лъагапIэм», Хьэрэкхъуэрэ бгым, Зеикъуэ, Къызбрун, Курп Ипщэ къуажэм, Налшык къалэм, бгы щхьэдэхыпIэхэм деж.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэхущ Iэ къэкIуащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Бабич Михаил

Мэкъуауэгъуэм и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэхущ Iэ щыIащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Бабич Михаил.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Бабич Михаилрэ ирагъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэмрэ зытепсэлъыхьыну яубзыхуа Iэхухэр зэхьэлIа Iэнатlэхэмрэ я унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ.

Зэхуэсым щыIэзэпкърахащ щIынальэм и социально-экономикэ щытыкIэр, инвестицэ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъур.

Нэхъыщхьэу и гугъу ящIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм Iэнатlэмрэ транспорт инфраструктурэмрэ адэкIи зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэм.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыным хуэгъэпса къэрал программэм икъ иткIэ КъБР-м щагъэзащIэ инвестицэ проекти 10. Абыхэм ящыщщ пластик тарэхэмрэ бетоным къыхэщIыкIа пкъохэмрэ къыщIэзыгъэкI заводхэр егъэфIэкIуэныр, ар хуэгъэзащ жыг хадэ гъэкIыным къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэу хамэ къэрал кърашу щыта апхуэдэ продукцэхэм я пIэ иувэфынухэр ди деж къыщыщIагъэкIыу Iэхуэр зэтеухуэным; пхъэщхьэмыщхьэ зыгъэкIхэм кърахьэлIэхэр гъэтIылъыным пыщIа гугъуехьхэр дэгъэкIын папщIэ хъумапIэхэр ухуэныр; нартыху жылэхэр ди деж щыгъэкIынымрэ ахэр Урысейм и адрей щIынальэхэмрэ хамэ къэрал гъунэгъуэмрэ яхуегъэшэныр; КъБР-м и Шэрэдж щIынальэм и бгыпIэ щIыпIэхэм я дахагъэр къэгъэсэбэпыным хуэунэтIауэ «Гуэл щхъуантIэ ипщэхэр» турист комплекс къыззгъэпэщныр.

Бабич Михаил къыхигъэщащ КИФЩI-м зегъэужьыным теухуа къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ КъБР-м и Правительствэм ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зэрызыIэригъэхьар.

КIуэкIуэ Казбек Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэм фIыщIэ хуищIащ и гулыитэмкIэ щIынальэм и проектхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыныкIэ закъыззрыщIигъакъуэмрэ папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

ЦIыхухэм я зыгъэпсэхупIэщIэхэр яухуэ

Налшык къалэр мыгувэу ягъэдэхэнущ скверыщIэхэм – ахэр ухуэн щIадзащ. А лэжьыгъэхэр ирагъэжьащ жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ яубзыхуауэ щыта программэм хыхьэу.

ЦIЫХУХЭМ я зыгъэпсэхупIэщIэхэр къыщыунэхунущ Театральнэ уэрамдэкIым деж, Лениным и цIэр зезыхьэ проспектым, абы щауэхуэ 33-нэ курыт еджапIэм и Iэгъуэблагъэм хуэзэу, апхуэдэуи Головко Арсений и цIэр зезыхьэ уэрамым. Зэман гъунэгъуэм зыхуей-зыхуэфIэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ КъуэныкIуейм и цIэр зезыхьэ уэрамым иIэ парк цIыкIур.

«Театральнэ» скверым щхъуантIагъэхэр щыхэсэным хыхьэ лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, щIыуэпсым хуэсакъ цIыхухэмрэ къалэ администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ жыг цIыкIухэр ирамыупщIыкIын щхьэкIэ ахэр мэз кусэхэм ягъэIэпхъащ.

IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, скверхэр щащIкIэ абы ит жыгхэм еIуэнукъым, итырыгъуэр щIэкIэ зэрахъуэкIыну араща.

КъБКъУ-м Педагогикэмрэ психологиемкIэ, физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и егъэджакIуэ нэхъыщхьэ Догучаевэ Танзилярэ а къудамэм и доцент, психологие щIэныгъэхэм я кандидат Ногеровэ Марьямрэ щытекIуащ педагогикэ психологие щIэныгъэхэмкIэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-методикэ проектхэр пхыгъэкIынымкIэ дунейпсо зэпеуэм. Ар къызэзыгъэпэщар «Профессиональная наука» щIэныгъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэрщ.

КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэм зэпеуэм ирагъэхьат «Этнопедагогикэмрэ этнопсихологиемрэ» теухуа проектхэр икIи «Методикэ рекомендацэ» унэтIыныгъэм япэ увыпIэ къыщахьащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Зэпеуэхэр

КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр япэ йощ

Коронавирус уз зэрыцIалэм дызригъэуву щытыкIэ гугъум щхьэкIэ къэмынэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ лэжьыгъэр зэпамыгъэуауэ ирагъэкIуэкI, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьу.

Атаманчук Григорий

Байсултанов Алим

Иллазаров Исай

Кузнецов Георгий

Оганьянц Грант

Ушанёв Сергей

Уммаев Мухьэжыр

Мусэ Менлы

«Зауэм и бынхэр»

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ школакIуэхэр хэтащ «Зауэм и бынхэр» урысейпсо акцэм. Ар къыхалъхьат Хэку зауэшхуэм щыщIидзауэ щыта мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлIэу.

АКЦЭМ хыхьэу ныбжьыщIэхэм видеоIуэтэжхэр ятащ, фильм кIэщIхэр трахащ икIи «Instagram» сетым иралъхьащ. Зауэм цIыхубэм мыгъуагъэу къаухуихыр къызыхэщ теплъэгъуэ абыхэм ягъэхьэзырахэм гум зимыхузу уеплъыфырыкъым. Сабийхэм ар апхуэдизу кууэ зэрызыхащIари умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм апхуэдэу республикэм щызэхэтащ абы ирагъэхьэIа Iуэхуэхэр. Онлайн мардэм тегу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэзджэм и лэжьакIуэхэм концертхэр ятащ, ныбжьыщIэхэр зауэм теухуа усэхэм зыхэщIэгъуэу къеджащ, тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщащ.

ЗэпІэзэрытыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ зи джэлэс

Закон нэхъыщхьэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм кьызэщІаубыдэ ди гъащІэм и лъэныкъуэ псори - сабийхэр хъумэным кьыщыщІэдзауэ щэнхабзэр дэІыгъынымрэ къэралым и суверенитетыр гъэбыдэнымрэ нэсу

УФ-м и иджырей Конституцэр кьызэрагъэпэ дэкІа илъэс 27-м къриубыдэу апхуэдизкІэ зэхъуэкІыныгъэ зэуэ щыхалъхьэр иджыщ. Сыт хуэдэ атІэ а зэхъуэкІыныгъэхэр?

Дэтхэнэ зыми тещІыхьэ, фІагъ къагъ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр

72-нэ статьям властым и къудамэ псоми яхуегъэув «фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ псоми хуащІэныр» кьалэнэр, цыхубэм я узыншагъэр хъумэныр, хьэл мыхъумыщІэжэм зыдрамыгъэхьэныу узыншэу псэуным кьхуеджэныр, абы папщІэ зыхуеиныр псомкІи кьызэрагъэпэщыныр, я узыншагъэм хуэсакъыным езыхэм гупыытэ хэха хуащІу жылагъуэр егъэсэныр».

ЗэхъуэкІыныгъэм и купщІэр: дэтхэнэ зы цыхуми хуитыныгъэ иІэ хъунущ къэралым и дэнэ щІы Іпи фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ кьыщыхуащІэнымкІэ, езым иІэ хэхъуэмрэ и кьулыкъымрэ емылъытауэ.

Пандемием и лъэхъэнэм дыкъызэрыхута щытыкІэм псоми нэрылъагъу ящищащ а Іуэхум мыхьэнэуэ иІэр. ИкІи а мардэр гъэзэщІа зэрыхъумкІэ жэуап яхьнущ зыхуэфащэ ІэнатІэ псоми - федеральнэ Правительствэм дэк кьыщыщІэдзауэ мунципалитетэмкІэ иухьжу.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 95-м я дежкІэ.

Унагъуэмрэ сабийхэмрэ хъумэныр

671-нэ статьям щІагъу пунктыщІэ, «Урысейм и къэрал политикэм и гупытэ нэхъыщхьэр дыдэр зыхуэгъэзар сабийхэрщ жиІэу кьыщыгъэувауэ. Къэралым кьызэрегъэпэщ ныбжьыщІэхэм псэкупсэ, щІэныгъэ, гъэсэныгъэ, физическэ я лъэныкъуэкІэ зажьыным, апхуэдизу абыхэм хэкур фІыуэ ялъагъуэ, ахэр къэралым хуэпэжу, нэхъыжьхэм пщІэ хуащІу кьэтэджыным хуэунэтІауэ зыхуэей псори.

721-нэ статьям кьалэну кьеГъэув мыр: «Къэралыр цІыхухъуэмрэ цІыхубзхэмрэ унагъуэ яухуэным епха Іуэхуэм кьащхьэщхь; сабийхэр унагъуэм тэмэму щагъэсэным, апхуэдизу балигъ хъуа бынхэм адэ-анэхэм гулъытэ хуащІыным хуэунэтІауэ зыхуейхэр кьызэрегъэпэщ.

114-нэ статьям УФ-м и Правительствэм кьалэн щещІ «унагъуэр гъэбыдэнымрэ абы кьыщыхьащІжыныкъымрэ, унагъуэхэм кьадекІуэкІ хабзэ дахэхэр зэхуэным хуэгъэпса политикэ иригъэкІуэкІыну...»

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Сабийхэр - ар ди нобэщ икІи ди кьэкІуэнщ. Урысей унагъуэм и хабзэхэр лІэщІыгъуэкІэрэ зэІэпах, адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ, адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ абыхэм я кьуэрылъху-пхъурылъхуэхэмрэ и нэхъыбапІэкІэ зэхэсу, зы унагъуэу мэпсэу, зыр адрейм дэІэпыкъуу. ЗэхъуэкІыныгъэхэм я лъабжьэщ цІыхухэм я нэхъыбапІэр унагъуэхэр хъумэным зэрителъхьэр, «анэм», «адэм» я пІэ цІыхухъууи цІыхубзуи кьыпхуэмыщІэ «адэ-анэ №1», «адэ-анэ №2» жьыуІэхэр кьиувным зэрыпэщІтыр.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 93-м я дежкІэ.

Социальнэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыныкІэ цІыхуэхэм яІэ хуитыныгъэхэр

75-нэ статьям хагъэхьащ цІыхуэхр пенсэкІэ кьызэрагъэщІын хабзэм теухуа Іыхьэ. Абы щІэнэхъыщхьэщ «цІыху псори кьызэщІэубыдэным, захуагъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я лъабжьэу зэрыщытыр» икІи пенсэхэр «илъэсым зэ нэхърэ мынэхъ мащІэрэ индексащэ зэрыщІыр». Апхуэдизу абы кьыщыгъэуващ социальнэ щэсапІэхэр, хэхаув цІыху щхьэхуэхэм защІэгъэкъуэныр, пособиехэмрэ нэрыгъуэщу ират социальнэ ахъщэхэмри индексащэ щІыныр.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Мыбдежьым къэралыр щэсапІэ йохьэ нэхъ хуэныкъуэ дыдэхэм зэрызащІигъэкъуэнумкІэ. ЩытыкІэ гугъу кьихута цІыхухэм щэ кьытрамыхьэми хъунущ: ахэр дэІэпыкъуэгъуэншэу кьагъэзэнэкъым. Зи ныбжь хэкІуэтахэм ящІэн хуейщ пенсэхэр, пІалъэ хэхэхэм тету, я нэхъ мащІэрамэ, инфляцэм и кІэ кьемых ахъшэ зыухуагъэхуэнуэхэр, кьызэрыратынур. Урысейм жеІэ езыр социальнэ захуагъэр щытепщэ кьэралу зэрыщытыр. Пандемием и лъэхъэнэм цІыхухэм ягъуэта, нэхъапэм зэи щымыІа дэІэпыкъуныгъэхэр абы и щыхьэтщ.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 92-м я дежкІэ.

Лэжьакіуэ цІыхум хуэгъэза шэсапІэхэр

75-нэ статьям халъхьэ мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэ: «Урысей Федерацэм цІыхухэм я лэжьыгъэм пщІэ хуещІ икІи абыхэм я хуитныгъэхэр кьызэрегъэпэщ. Къэралым лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэу игъэуващ Урысей Федерацэм лэжьэфыну и цІыхур псэун папщІэ зыхуеинум нэхърэ мынэхъ мащІэу». А статьям халъхьэ нэгъуэщІ зэгъэзэхуэныныгъэмкІэ властым кьалэн зыщещІыж «къэралым и экономикэм зегъэужьнымрэ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымрэ хуэунэтІауэ зыхуэзыкьуэкІэр кьызэрегъэпэщыну», «цІыхум и пщІэр хъумэныр» лэжьакІуэм пщІэ хуэщІыныр».

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Лажьэр тхьэмыщкІэу щытын хуейкъым. Конституцэр щэсапІэ йохьэ цІыхур лэжьыгъэкІэ кьызэзэзыгъэпэщхэм ящІыу зыхуеи улахуэ нэхъ мащІэу яГъэувам и кІэ кьихуэу лэжьапщІэ езым и дежкІэ ІэнатІэ щыІутым хуигъэувыну зэрыхуимыстымкІэ, экономикэр сыт хуэдэ гугъуехьхэм хэмытми.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 92-м я дежкІэ.

Граждан жылагъуэмрэ волонтёрхэмрэ дэІыгъныр

114-нэ статьям Правительствэм хуеГъэув граждан жылагъуэм и институтхэм, абыхэм мылъку кьэлэжьэным емыпха зэгухьэныгъэхэри яхэту, защІэгъэкъуэныр, ахэр къэралым политикэр зэхэлъхьэнымрэ пхыгъэкІынымрэ хэтныр кьызэригъэпэщыну. Пункт щхьэхуэу хэтщ «цІыхуэхэм гупыж ящІу псапащІэ Іуэхуэхэм хэтын (волонтёру щытын) папщІэ зэрызыщІагъэкъуэну Іэмалхэр убзыхуным теухуауэ».

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: жэрдэм зыхэлъ, жэуаплынигъэ и пщІэ дэзышлъхьэжьыф граждан жылагъуэ щымыІэу кьэралым зыпхуеГъэужьныкъым. Ар дэ тлъэгъуащ пандемием и лъэхъэнэм кьэралым зыщцызыубгъуа волонтёр зэгухьэныгъэхэм я щапхъэмкІэ. ЦІыхуэхэр кІуэ пэтми нэхъ жьыдэжу хохьэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм икІи абыхэм кьэралым защІигъэкъуэну и Іэмалхэр убзыхуным теухуауэ».

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: жэрдэм зыхэлъ, жэуаплынигъэ и пщІэ дэзышлъхьэжьыф граждан жылагъуэ щымыІэу кьэралым зыпхуеГъэужьныкъым. Ар дэ тлъэгъуащ пандемием и лъэхъэнэм кьэралым зыщцызыубгъуа волонтёр зэгухьэныгъэхэм я щапхъэмкІэ. ЦІыхуэхэр кІуэ пэтми нэхъ жьыдэжу хохьэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм икІи абыхэм кьэралым защІигъэкъуэну и Іэмалхэр зэблэнэщ.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 75-м я дежкІэ.

Хъугъуэфыгъуэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ хъумэныр

671 2 статьяр. Илъэс мин тхыдэ зиІэ Урысей Федерацэм, япэ итахэм я фэеплъыр ихъумэкІэрэ, хабзэ дахэхэм, Тхьэ фІэщхьыныгъэр, Урысей къэралыгъуэм зегъэужьныным хуэгъэзауэ зэІэпаха щапхъэфІхэр и Іуаэзэу, жеІэ тхыдэм зэхилъхьа къэрал зэкъуэтныгъэм зэрыстетыр».

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Къэралым и псэкупсэ кьулеягъырщ, блэкІар зэращымыгъупщэрщ псоми я лъабжьэр, мы зэманми кьэкІуэну лъэхъэнэми къэралым и зыужьныныгъэм и лъабжьэу щытыныр аращ.

Урысыбзэмрэ лъэпкъ хуэдым здай щэнхабзэмрэ хъумэныр

68 1 статьям егъэув «УФ-м и щІыналъэ псоми урысыбзэр, къэралым и лъабжьэу щыт лъэпкъым и бзэр, къэралыбзэу зэрыщагъэувыр». Мы статьям и 4-нэ пунктым егъэув Урысейм и щэнхабзэр «лъэпкъ куэдым здай щІэин лъапІэу, къэралым диІыгъ икІи ихъумэ фІыгъуэу» зэрыщытыр. 69 2 статьяр щэсапІэ йоувэ къэралым щыпсэу лъэпкъ псоми я щэнхабзэ кьуэгъуэфІыгъуэхэр, я бзэхэр хъумэныкІэ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Къэралым анэдэлъхьбзэмрэ щэнхабзэмрэ и тегъэщІапІэу щымытмэ, ар адрей хэкуэм емыщхь зыщІ и кьулеигъэкъэ фІэкІуэдынущ. Ахэращ лъэпкъыр зыр адрейм кьыхэзыгъэщхьэхуэкІыр, цІыхубзэр зэкъуэзэгъэувэр. Къэралым и фІыгъуэхэр ихъумэн хуейщ.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 85-м я дежкІэ.

ЩІэныгъэмрэ технологиехэмрэ зегъэужьныныр

71-нэ статьям халъхьэ зэхъуэкІыныгъэ щэсапІэ йоувэ «хъыбарегъащІэ технологиехэр, бжыгъэр зи лъабжьэ Іуэхуэхр щызэблагъэкІкІэ къэралым цІыхум и шынагъуэншагъэр кьызэрызэригъэпэщыныр...». 114-нэ статьям Правительствэм кьалэн щещІ «УФ-м и щІэныгъэ-техникэ зыужьныныгъэр диІыгъуну, щІэныгъэ лъабжьэхэр ихъумэну».

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Урысейр хуэхъэзырщ зыужьныныгъэм хуэгъэпса ІэнатІэхэм бжыгъэр щиІыгъыным. ЩІэныгъэмрэ технологиехэмрэ зумыгъэужьмэ, адрей къэралхэм япеуэф къэрал ухъунукъым.

ЩІыуэпсыр хъумэныр, псэущхьэхэм жэуаплныгъэ хэлъу яхущытыныр

114-нэ статьям халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм Правительствэм кьалэн щещІ «дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпса, социальнэ унэтІныныгъэ зиІэ хэрал политикэ пхыгъэкІныр», цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным тещІыхьа щытыкІэхэр кьызэрэпэщыныр, сыт хуэдэ ІуэхущапІэми и лэжьыгъэр щІыуэпсым зэран хуэмыхъуэ хуэдэу зэтеуэныр, къэралым и экологие зэмылІэужьныгъуаГъэр хъумэныр, псэущхьэхэм жэуаплныгъэ хэлъу яхущытыныр жылагъуэм хабзэу щыгъэувыныр. ЗэхъуэкІыныгъэ щхьэхэм кьыщыгъэуващ цІыхубзм экологие щІэныгъэ етыным, экологие щэнхабзэм хуэгъэсэным ехьэлІа кьалэнхэр.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Урысейр, дунейм апхуэдэ нэгъуэщІ темыту, кьулейщ щыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ. Кьалэныр а хъугъуэфІыгъуэхэр кьэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэныращ. Псэущхьэхэмрэ щыуэпсымрэ яхуэсакъынымрэ дэтхэнэри зытетыпхъэ хабзэщ.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 93-м я дежкІэ.

Власть лъэщыр

81 3.1. статьям халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм УФ-м и Президент иджыпсту лажьэм Іэмал ирет кьыкІэлъыкІуэ зэхьныныгъэхэм я кьулыкъым зыхригъэхьин папщІэ зыкъигъэлъэгъуэныу. 102 1 статьям ФедерацэмкІэ Советым и хуитныныгъэхэр нэхъри белджылы ещІ - ар хуитщ президентым къарузехьэ ІэнатІэхэм я унафэщІу игъэувыну кьыхилъхьа кандидатурэхэм щыхэплъэкІэ чэнджэщэну; 103 статьям халъхьэну зэхъуэкІыныгъэм Къэрал Думэм и хуитныныгъэхэр егъэтэмэныж - президентым кьызэрихилъхьам ипкъ иткІэ, премьер-министр, вице-премьер, я зыныкъуэ министр кьулыкъуэм яГъэувынуэм я кандидатурэхэр кьищтэнущ. 128 3. статьям ипкъ иткІэ, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэр, абы и кьуэдзэхэр я кьулыкъуэм яГъэув Федерацэмкіэ Советым ечэнджэща нэужь икІи а кьулыкъур президентым ящхьщэхьыж.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: къэралри жылагъуэри хуейщ властым ІэщІэжі щыуаГъэхэм щызэхъуэмну Іэмалхэм икІи ар нэрылъагъу хъуащ пандемием и зэманым. Парламентым хуитныныгъэ нэхъыбэ иІэ хъунущ къарузехьэ ІэнатІэхэм я унафэщІэхэр щагъэувкІэ. Къэрал Советыр зыхуитхэри нэхъыбэ мэхъу. Кьулыкъум тет президентым и дежкІэ кьыкІэлъыкІуэ пІалъэми абы зыхригъэхьжыну зэрыхуитыр - ар экономикэ кризисым щитым дежкІэ властым и системэ псоми я лэжьыгъэр зэблэнуным щызыхъумэ Іуэху кьудейуэ аращ.

Президентыр кьыкІэлъыкІуэ пІалъэми хэхьныныгъэхэм хэтыну хуит зымыщІ мардэр щымыгъэІэжьыным и тельхьэу кьэувыну кьалъытэ Іэ зыІэтынухэм я процент 56-р.

КьулыкъущІэр хэкупсэу щытын хуейщ

Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм Президентыр, щІыналъэхэм я унафэщІхэр, сенаторхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, гъэзэщІакІуэ властым и адрей федеральнэ органхэм я унафэщІхэр, судыщІэхэмрэ прокурорхэмрэ хуит ящІыркъым «УФ-м и щІыналъэм щымыІэ хамэ кьэрал банкхэм счетхэр кьыщызэІуахьну икІи щаІэну, абыхэм я ахъшэхэр, нэгъуэщІ кьулыкъуэфІыгъуэхэр щахъумэну». Апхуэдизу, кьулыкъущІэхэр хамэ кьэралхэм я цІыхуу кьалъытэну, абыхэм щыпсэуну хуит ищІыркъым е нэгъуэщІ кьэрал щыпсэуну хуит зыщІ дэфтэр иІэ хъунукъым.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я купщІэр: Къэралыр зыІэщІэлъхэр «я ІэнатІэм пэрыкІ-пэрыхьэу» Урысейм щылажьэ хъунукъым. Кьулыкъу лъагэ зыІыгъым и мылъкур хамэ къэрал банкхэм щихъымэзэ, ар нэгъуэщІ къэралым и цІыхуу щытмэ, абы къэралым щынагъуэ къритынкІэ хъунущ, псом хуэмыдэу хэкур щытыкІэ гугъум щытым дек.

Мы зэхъуэкІыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и цІыхуэхэм я процент 84-м я дежкІэ.

ЦІыхуэхэм я Іуэху епльыкІэхэр джныкмкІэ урысейпсо центрым иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм ялкъ иткІэ.

Кавказыр зэрыгушхуэ адыгэ бзылъхугъэ

• Тхылъыщ1э

УФ-м и ТхакІуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгуэныныгъэхэм хэт, усакІуэ, тхакІуэ Братькэ Татьянэ иджыблагъэ кьыдигъэкІащ «Во имя жизни, истины, любви. Достойные дети Отечества» тхыльыр. Ар теухуащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДААМ-м и вице-президент, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ, университетхэм я диссертацэ советхэм хэт, КъШР-м, КБР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, КъШР-м и ТхакІуэхэм я зэгуэныгъэм и гуащэ, жылагъуэ лэжьакІуэхэм цІэрыІуэ, дунейпсо саугъэтхэр зыхуагъэфащэ Бэчыжь Лейлэ Абубэчыр и пхъум и гъащІэмрэ гуащІэмрэ. ООН-м и жэрдэмкІэ, кьыдэкІыгъуэр иратхэзыхьащІ Лъэпкъыбзэкъэм я дунейпсо илъэсымрэ Бэчыжь Лейлэ кьызэралъхурэ илъэс 90 щрикъумрэ.

ТхылъымкІэ кьыщыхьа тхыгъэхэм я кьыщыгъэлъэгъуащ щІэныгъэмрэ литературэмрэ хэлъхьэныгъэфІхуэзыщІа, адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу литературэдж унэтІныныгъэкІэ япэ ища Бэчыжьым и гъащІэм, и лъэпкъ щэнхабзэм, и анэдэлъхубзэм, и кьуэпсхэм яхуиІэ лъагъунэгъэ мыкІуэщІыр. Абы и гъащІэр зэгуэныгъэпсащ, и художественэ тхыгъэхэр триухуащ СССР-м, Урысей Федерацэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ис тхьэпсэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэр, зэкъуэтныныгъэр, мамырыгъэр нэхъри гъэбыдэным. Лейлэ и кьэлэн нэхъыщхьэр адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зегъэужьныныр хъумэныращ. КъэхутакІуэ, литературовед, критик Іэзэ Бэчыжь Лейлэ и Іэдакъэ кьыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ щхьэпэу 200-м щІигъу, Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я литературэр кьызэрыуэнэхуам, абыхэм зэрызэужьам ехьэлІауэ. Мы кьэдкІыгъуэм ІуданэптыжькІэ щыпхьащ анэдэлъхубзэм и зыужьныныгъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтныныгъэм кьыгуэхьпІэ имыІэу зэрепхар.

Зи сабийгъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыда Бэчыжь Лейлэ, зауэм и бын дэтхэнэми хуэдэу, гуГъуехьхэм пасэу япсыхащ икІи и мычэзуу балигъыпІэ иуващ. И адэм ар щыщІыкІым зыщІигъэдэІуа таурыхъэр, лъэпкъым кьыдекІуэкІ хъугъуэфІыгъуэу тлъытэ нарт хъэкъэрар гукъинэж щыхьащ. Пушкин Александр, Толстой Лев, Лермонтов Михаил сымэ, нэгъуэщІхэми я тхыгъэхэм щІапІыкІа хъыджэбз щыкІур литературэм и дуней тельыджэм дихьэхащ икІи гъащІэ гъуэ хуэхъуащ. Тхылъыр зытеуухуа бзылъхугъэм и гъащІэр купщІафІэщ, гъащІэгъэнэщ икІи щапхъэщ. Лейлэ и ІуэхущІафэ дахэхэмрэ лэжьыгъэмрэ пащэ адыгэ бзылъхугъэм и лъагъуэм ирикІуэ и гъэсэнхэм. Черкесск кьалэм щыІхь зиІэ и цІыху, дуней псом щыщІэрыІуэ, пщІэ щызиІэ Бэчыжь Лей-лэ кьыдэсыным и лакъэм и мызакъуэу, Кавказ псор зэрыгушхуэщ!

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 23, гъуэж

♦**Дунейпсо Олимп махуэщ**. 1894 гъэм Париж щекІуэкІа конгрессым, Пьер де Кубертен и жэрдэмкІэ, унафэ кьыщащтащ дунейпсо Олимп комитет кьызэрэпэщыным теухуауэ, илъэсиплІ кьэс зэ Олимп Джэгухэр ирагъэкІуэкІыныр трауухуэжащ.

♦**ООН-м къэрал кьулыкъу щыщІэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Фызабэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Къэзахстаным и политцэм и махуэщ**

♦**Молдавием и къэрал щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**. 1990 гъэм Молдавие ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьищтащ республикэм и суверенитетым теуха декларацэр.

♦**Эстониеи щагъэлъапІэ я ТекІуэныгъэм и махуэр**. 1919 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м эстон армэм Вынну къалэм дек щызэтрикъутащ Латвием и къалащхьэ Ригэ зыубыдауэ Эстониеи кьебгъэрыкІуэ нэмыщІэзэр.

♦**1868 гъэм** зэрыбкІэ зэрыстрадзэ машинкэр къагупсыщ.

♦**1930 гъэм** Москва кьыщызэрагъэпэщащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиемэ экономикэмкІэ и институтыр.

1934 гъэм Кремлым щагъэлъапІащ Лыхъужьхэр. Лениным и орденымрэ Совет Союзым и Лыхъужь щІэ лъапІэр кьыралым щыпэу кьызэрыфащым теухуа тхьмыкІэ иратыжащ кхъухьлатэзэкъуэ Ляпидевский Василий. Апхуэдизу Лыхъужь щІэр зыфІащащэу Молоков Василий, Каманин Николай, Леваневский Сигизмунд, Водопьянов Михаил сымэ, нэгъуэщІхэри яГъэлъапІат а махуэм.

♦**1941 гъэм**, зауэм и етІуанэ махуэм, Къэсейхьэблэ щыщ Тхьэмыгтлокъуэ Хьэсэн КъухьэпІэ Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихуэмэлу Іыгъэ хэлъу и гъащІэр итащ: гранатэхэр щІэпхауэ фашист танкым зыщІдзэри, ар икъутащ, езыри хэкІуэдащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм щІадзащІ Белоруссием и щІыналъэр фашистхэм кьана щымыІэу кьалэщІэгъэкІыжьыным теухуа, «Багратион» зыфІаща ебгъэрыкІуэныгъэм.

♦**2016 гъэм** Инджылызым референдум щекІуэкІащ икІи абы кьыркІуахэм ялкъ иткІэ унафэ кьащтащ къэралыр Европэ Зэгухьэныгъэм кьызэрыхэкІыжьыным теухуауэ.

♦Урыс усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ, КъШР-м гипс кьыщыщІагъэкІыу щыІэ заводым и унафэщІ **Аргун Олег** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КБР-м щІыхь зиІэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэмыргуей Валентин** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьыакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Шэшэн республикэм и цІыхубз артист **Меладзе Валерий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 24, бэрэжьей

♦**ТекІуэныгъэм и Парадыр щекІуэкІа махуэщ**. 1945 гъэм Москва и Утыку Пльыжьым ирикІуащ СССР-р Германиеи зэрыстекІуам и щыхькІэ кьызэрэпэщащ парадыр.

♦**Чувашие Республикэм и махуэщ**

♦**Азербайджаным щагъэлъапІэ машинэ зыщІ промышленностым и іэжьакІуэхэм я махуэр**

♦**Шотландием и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**

♦**1812 гъэм** франджы император Наполеон Бонапарт и армэр, Неман псыр кьызэпиупащІри, Урысей империем кьызэрыгуащ - 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэ фІэщыгъэр иІэу ди тхыдэм хыха зэпэщІэтыныгъэшхуэм щІидзащ.

♦**1930 гъэм** радар ІэмэпсымэкІэ я лІэу къагъэсэбэщ, уэгум ит кьухьлъатэм зыпащІэн папщІэ.

♦**1934 гъэм** Киев Украинэм и къалащхьэ хъуащ. Абы и пэкІэ а республикэм и щыхьэрыщыгъэр Харьковт.

♦**1937 гъэм** Республикэм и Советхэм я зи мычэзу съездым кьищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и япэ Конституцэр.

♦**1941 гъэм** кьызэрагъэпэщащ Совет хьыбарегъащІэ бюрэр. Аращ фронтым щекІуэкІхэм щыхьэр щыгъуазэ зыщІу щытар.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДААМ-м и академик, УФ-ми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **КІэрашэ Зейнаб** къыщалъхуа махуэщ.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щІыхь зиІэ и докутыр **АфІэунэ Алий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, режиссёр, УФ-м, Абхъазым, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Фырэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Ди зэманым и футболист нэхъыфІ дыдэхэм хабжэ, олимп чемпион, Аргентинэм и командэ кьыхэхэм и капитан, Испанием и «Барселона» клубым щыджагу **Месси Лионель** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 25, махуэку

♦**Тенджызым щылажьэм и дунейпсо и махуэщ**

♦**УФ-м и Статистикэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Словение, Хорватие Республикэхэм я къэралыгъуэхэм я махуэщ**. 1991 гъэм ахэр Югославием кьыгуэкІащ.

♦**Славянхэм я зэныбжьэгъуГъэмрэ зэкъуэтныныгъэмрэ я махуэщ**

♦**1876 гъэм** Америкэм щыщ бдзэжьеящэ Енсен Альфред, дунейм щыяпэу, и закъуэу кхъухькІэ Атлантикэ хым зэпрысыкІащ.

♦**1946 гъэм** СССР-р Футболымкіэ дунейпсо федерацэм хыхьащ.

♦**1959 гъэм** Совет Союзым щыяпэу Москва щыщІэзІуахащ Америкэм и лъэпкъ выставкэр. Абы щагъэлъэгуащ США-м щащІа мэкъумэш машинэхэр, автомобилхэр, унагъуэм кьыщагъэсэбэп техникэхэр, Іэмэпсымэхэр, апхуэдизу щыгъэнэхэр, кьабзагъэм ехьэлІауэ кьагъэсэбэпхэр, цІыхубзхэм зэрызагъэдахэ напэщІыхь хуэдэхэр. Тхьэмахуитым кьриубыдэу а выставкэм ящІэтельыдэщ епльыт цІыху мелуанитІым нэблагъэ.

♦**1987 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ кьыщащтащ къэралым экономикэ зэхъуэкІныныгъэхэр щыкІуэкІыным теуХуауэ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Тимирязевым и цІэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Агырбэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, журналист **Нэхей Руслан** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ іэжьакІуэ **Хъурей Леоренэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщІ **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и чемпион, дунейпсо гроссмейстер **Крамник Владимир** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыІэкъым.

Гур плъырмэ, нэр мэплъыз

«Гъащ1эр псыежэхыу щ1ыжа1эр псымрэ гъащ1эмрэ псынщ1ау зэрыжэр арау фIекIа къызгурыIуэртэкъыми, иджы сощ1э: дунейм теткъым псым хамыдзэ, гъэкIэрэ абы щ1ызэтрмыхьэ». *(Хьэту Пётр)*

IУНКIЫБЗЭ къэбщ цIыхум и гущхьапсэр. Ищхьэкlэ къэтхьа щIагъыбзэ дыкъуакъуэм дэтхэнэм и зэхэщIыкI зэрыпэлъэщIи, къыхуэдгъэнэнщ щхьэж зэрегуакIуэу иуэзщIыну. Хьэту Пётр-усакIуэм тхьилъ пщыкIуз и Iувагъыу ихуэнэ псысхэм я дан иджы итщыжыну ди хьисэпкъым. Дарищыкъэтхъым Хьэту-цIыхум илъэс блыщI бгъуагъкIэ иукъуэдия хъыупщIым щызэтрихьаХэмм. А псыхьэпъахуэр езы бдзэжьеягщэм хущыднэуРэ, аддэ псыпэр къыщыхуапсэмкIэ дыкъыщIзекIуэнщ.

Сыбыр лъэтхьэмпэ

ЦIыIХУ щхьэхуэхэм я натIащхэ лэдэхт къэралыгъэшхуэм и тхыдэ хъэтIыр. 1905, 1917 гъэхэм я жьыуей-псыуейм унагъуэ куэд ирикъуныжьащ. Санкт-Петербург къыщрахужьа Романовхэ я унэ-щIэджэгъуэ, я пыхъэпыьшэ егъыи лъэныкъуэ щIагъэзыым, абыхэм яжь зыщIэпщдаУэ Кемеровэ щIыналъэм къыщыщIидзахэм, «Быдэ и анэ гъырхъым» жьыхуаIэрати, Романов унагъуэцIэр КошкинкIэ щдахъуэжат. А дэхуэхахэм яцIыщт тайга лъапэм (Осинники къалэ цIыкIум) щыпсэу Кошкинхэ Евдокие. Хэку зауэшхуэр къыщыхьейм, Евдокие и цIхьэгъуэр фронтым Iухьащ. Зэман дэкIри, бзыльхъугъэм кратыжащ щхьэкIуэ тхылъ: иджы ар фызабэт, щIалитIым я адэр нэмыщIхэм ящIат.

Зауэкlэр куэдым я хьадагъэт, Кемеровэ щыпсэу хэхэсхэм я бжыгъэм къыхэхуащ. Гъаблэгу зыщта сыбырыщIым иджы зыIуриIьэфат залымыгъэ зытраIуа бгырысхэр. Къыпышбийхьэблэ ираща Хьэту Мацулэрэ нэгъуэщI и хэкуэгъуэхэмрэ яхэхуащ тайга жьэгъуэ псэупIэ зыхуэхъуа каторжанхэм.

КъэзыгъэщIым и Iэмырщ IтIм я насыпыр щIызэхэткIуэр. Хьэту Мацулэрэ Кошкинэ Евдокиерэ я нэчыхъыр Осинники щрагъэтхэу, унэгъащIэу тIысри, зы щIалэ зэдагъуэтыжат. ЗэрыжьыIащи, Евдокие къуитI иIэт - Николайрэ Александрэ; етIуанэлIым къыхуилъхуа цIыкIум фIащащ Пётр. Романовхэ пащтыхьу щытахэм я цIэхэр Евдокие и бынхэм яфIищащ...

Сабийхэм зэхэгъэгъащ цIыку зэзэщ нахуэу къащыщIамрэ пщIыхьу я нэгу къыщIыхьамрэ. Апхуэдэу щытми, ильэспIлIм щегъэжьауэ гум зыщIепхъуатэ щыгъупщэ зимыIэж теплъэгъуэхэр. Мацулэ и къуэр илъэситхум хьихьа къудейм, а нахуапIэр нобэ хуэдэу щIоцIхьэукъуэж уэздыгъей мэзым щызэтелъ уэс Iэтэм.

Хьэблэ щIалэжь цIыкIуэхэр зэрызехьэу тайгам кIуэрт, кедр дэцIыкIухьэ. ЗэщIэжудапуэу бжащхьэIуМ тет пIыIэжьмпэ цIыкIуми тIэр абыхэм я ужь щIыкIуэр Тхьэм ещIэ. Куэд икIунт езаеми, уэс лъащхьэщIэнэр зэблимыхьфурэ щыукIурийм, уэздыгъей лъабжьэм щIэтIысхьэри зиудигъуэжащ. Модрейэхэм, гу къыIьамытэхэу мэзым хьихьахэщ. Аузрэ уэсхэ тесэжат сабий Iурихам; аузрэ жьыпхъанкIэм исеижаи... Хьэтухэ я щIалэ цIыкIур а зэрыбзэхат, жэщри хэкIуатэрт. Хьэблэм блатгъэми мафIащхъэ бжыкIэхэр яIыгъыу мэзыльэр щIащыкIыт, уэс Iуащхьэхэр къатIэщIыт. ГъащIэ иIэу я къыщIэкIынт Пётр! Сабий ундэрэщхъэуар уэскIэ, итIанэ спирткIэ зэпаIуэтыхьурэ къагъэбэуэжат...

Абдеж къыщIэзIуех дунеягъэкIэ Хьэтум къыдекIуэкI щIэжьр. Хьэуэ, епщIыхьатэкъым. НахуатIэт. TIэкIу пIыщIэIуами, псэт Мацулэ и Iуащ. ЦIалэ цIыкIуи и нитIыр щтэIэщтаблэу къыдыIэтрихырт Сыбыр Iуплъэгъуэм.

Мацулэ унагъуэм зэрахэсар илъэсиплIщ. Петя фIыуэ ищIэжыращи, адэр пасуэ дэкIыр, гувауэ къыдыкъэжыт, езыжэр пIыщIэртэкъым, мэжалIэртэкъым.

Сталин Иосиф дунейм щехьжым, къэрал лъэхъуэщ дэгуэрэ амнистэшхуэм къыдыззыщуащ. Хуит къэхъужакъэр Сыбырым зэмыфэгъуу къыиужьгъэри, Осинники бетэмалу къыщыIунэхужащ Евдокие игъеижа зауэлIыр. Николайрэ Александрэ я адэр тутнакъэщым къыщыIыщIидзар зэхэгъэкIыгъуэуе щхьэкIэ, щхьэт лей зыхуэмеижрати: «Фызыр зейр сэрац. УкIыгъэ фхуэумеймэ...» - жиIэри, езы и тIуанэм хуэзэну щимыIуэгъэтIы, и ныбжьэгъу-и хэкуэгъуэхэм яхуиIуэхуащ. Мацулэ и щIалэр зыгуэрым зэрымыты-

нур хьэкъти, лъэныкъуитIыр зэпэщIэувэри, Іуэхур куу хъуащ. Мацулэ и ныбжьэгъуэхэм къаГъэдэIуэну хэтт: «УтIыпщ бзылъхугъэр. Сабийр хуэпIыкуэыми, IэмалкIэ къыIэщIэдгъэкIынщ». ЯутIыпщыхуи пэпIалъхьэм Евдокие, къыкIэпъыкIуам и сапэщIыбым щыгъуазэ къыщIэкIынти, щIалищыр здищтэри етIысылIэжащ. Мыдэкlэ езы Мацулэрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ дауэрэ емыIэлIами, зы Iэмал хуагъуэтакъым Петя къаритыжыну. Абы ехутыпIэри, Сыбырым щIэныгъ бгырысхэр гуп цIыхуэхуэрэ КъэзахъстанымкIэ къэIэпхъуэну унафэ къыдэкIащ. Апхуэдэкlэрэ Къэбэрдейм кьихьэжыну гугъэ къызыхуэкъуэплъакъэр Арысь къэзахъ къалэм къэIэпхъуат, Кемеровэ щIыналъэм къыкIри.

И бынищым яхэсу Осинники къыдэна Евдокие Гъусэ хуэхъужар «Пластэ къаугъэщI» зи нэрыгъти, зыкъызэкъуихыпэри, хуит хъуат иджы. Петя и мыльхъадэр зэращIа чеижву ефэрт; чэф зэриIущу: «Укъыхсхуэпэжатэкъым... Мо пэфIыцIэм бын хуэбгъуэтащ» - ирихъэунурэ лъэдакъэкIэ щIалэ цIыкIур КIуэцIкIухьхьжырт. Чэфыр щытеужми, темыужьыххэр лIы кIуэцIейм и гужьгъэжьыри, Мацулэ и къуэ, мыгъуэр зи мыгъуэр - аргуэру шырыкъу лъэпэрыдт. Апхуэдэурэ кIуэрт мазэхэр. ИкIырт илъэсыр. КIэлъыкIуэжьырт етIуанэр. «Зинэкlэ кьалъхуа пэфIыцIэр» зэ фIыуэ къимыдыныхьауэ махуэр дихмэ, мыльхъадэр зэгъэуэдыпэнчт.

Пъэщ1эгъэуэнщ1ащ цIыку цIыкIум и дзэ къихьыпIэхэр! НтIэ, зыр пэфIыцIэмэ, тIур лъапIэжьыу бын зэмыгъэгъуиущ ззэыгъэгъуэта Евдокие иджы IэфракIэпэм едзэкъэжьыт: Петя сымаджэщым щIэлът, иужьрей укIыгъуэм сабийр Iисраф ицIауэ.

Плъыржьэрэт щIалэ цIыкIур. Плъыржьэрти, апхуэдэу уэсукъуэм хэжаеурэ и пIыIэ шопсыр къыфIещэтэхырт. Плъыржьэрти, Iэгъуэ-Iэгъуэрэ бжьэхуц тыкуэхуэм къыркуэ къыпилъэфырт. Къыркуэ пытхьэхуэм еплIалIэу хуихь щхьэкIэ, мафIэ бзийр дэгуу телыпщIэрти, бжьэхуц налъэм кIагъуэ фIыцIэу Iугъуэ пихурт. Аргуэру къыпилъэфыртти, мафIэ щIидзэрт, аргуэру мафIэм зибзеижьырти, бжьэхуц лыкхъурымэм сабийр итхьэлэрт.

Бжьэхуцым мафIэ ищтэрэт-тIэ?! Петя и плъыржьэрысым иджыпсту къыхуэджэ теплъэгъуэр Іуэщхьутэкъым. НэхъапэIуэкIэ я унэ къыщыхьуат ар... джэгуэ пэт.

А бжьэхуц тыкуэхуэм щIэмына я мафIэр и кIэжьауIэу Евдокие иджы къеIэрт Къэзахъстаным-кIэ. Псэ хьэхур IэфIыщэти, кIэтIий кIапэр IэфI гуащIэт.

Псыхьэ щIалэм и зекIуэ

ИЛЪЭСИТI мэхъу Хьэту Мацулэ Арысь кьалэм зэрыщыпсэуэрэ. Къэрал псом щIыззбградзу а кьалэм щыIэзхуэсыжа Хьэту зэкъуэшхэр нэмыжьэ, я щхьэ япIыж. Мацулэми Мэкъуауэхэ япхъу къраГъэшэжри, я Iьэгу банэ хэхужа хуэдэщ. Хэхужьнут-тIэ, быныр банэу щытатэмэ!

Пщэдджыжьыпэ гуэру Петя и Iэхэр зыIыгъ Евдокиер Хьэтухэ я куэбжапэ къыщыIухутам, зэкъуэшхэр губгъуэм ихьакIэт. БжащхьэIум къытехьащ Мэкъуауэхэ япхъу нысащIэр. Адэкlэ къэхъуар щIалэ цIыкIум и дихьэшхэмкI, зэтIуанитIым я дихьэгъэ гуимыхужт. Петя и щыпэлъагъуэтэкъым зэпщфыIэ, дауи ирехъуи, илъэсихкIэ зэдэщIепсэуар каторжан хьэблэт, къыздрихари лъапэ удынт...

Гу кIуэм илъэситкIэ къыкIэрыхуа бзылъхугъэр Арысь къыщыIэзэпэщIэувэри, къалэбгъуэм дэкIщ, «Овраги» жьлэм ятIэ унэ-ятIэ лъагъэ зы пхъэ гъуэлъыпIэжь къута фIэкIа зыщIэмыгт пэщ цIыкIуитIым цIыкIуэ хуэщIа гъэрым я жьыIуэ-гъуэ хуэщIа гъэрым я жьыIуэ-кIуэ-лъэсакIуэу етIысылIат. Евдокие, къыкIэпъыкIуам и сапэщIыбым щыгъуазэ къыщIэкIынти, щIалищыр здищтэри етIысылIэжащ. Мыдэкlэ езы Мацулэрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ дауэрэ емыIэлIами, зы Iэмал хуагъуэтакъым Петя къаритыжыну. Абы ехутыпIэри, Сыбырым щIэныгъ бгырысхэр гуп цIыхуэхуэрэ Къэзахъстанымкlэ къэIэпхъуэну унафэ къыдэкIащ. Апхуэдэкlэрэ Къэбэрдейм кьихьэжыну гугъэ къызыхуэкъуэплъакъэр Арысь къэзахъ къалэм къэIэпхъуат, Кемеровэ щIыналъэм къыкIри.

И бынищым яхэсу Осинники къыдэна Евдокие Гъусэ хуэхъужар «Пластэ къаугъэщI» зи нэрыгъти, зыкъызэкъуихыпэри, хуит хъуат иджы. Петя и мыльхъадэр зэращIа чеижву ефэрт; чэф зэриIущу: «Укъыхсхуэпэжатэкъым... Мо пэфIыцIэм бын хуэбгъуэтащ» - ирихъэунурэ лъэдакъэкIэ щIалэ цIыкIур КIуэцIкIухьхьжырт. Чэфыр щытеужми, темыужьыххэр лIы кIуэцIейм и гужьгъэжьыри, Мацулэ и къуэ, мыгъуэр зи мыгъуэр - аргуэру шырыкъу лъэпэрыдт. Апхуэдэурэ кIуэрт мазэхэр. ИкIырт илъэсыр. КIэлъыкIуэжьырт етIуанэр. «Зинэкlэ кьалъхуа пэфIыцIэр» зэ фIыуэ къимыдыныхьауэ махуэр дихмэ, мыльхъадэр зэгъэуэдыпэнчт.

Пъэщ1эгъэуэнщ1ащ цIыку цIыкIум и дзэ къихьыпIэхэр! НтIэ, зыр пэфIыцIэмэ, тIур лъапIэжьыу бын зэмыгъэгъуиущ ззэыгъэгъуэта Евдокие иджы IэфракIэпэм едзэкъэжьыт: Петя сымаджэщым щIэлът, иужьрей укIыгъуэм сабийр Iисраф ицIауэ.

Плъыржьэрэт щIалэ цIыкIур. Плъыржьэрти, апхуэдэу уэсукъуэм хэжаеурэ и пIыIэ шопсыр къыфIещэтэхырт. Плъыржьэрти, Iэгъуэ-Iэгъуэрэ бжьэхуц тыкуэхуэм къыркуэ къыпилъэфырт. Къыркуэ пытхьэхуэм еплIалIэу хуихь щхьэкIэ, мафIэ бзийр дэгуу телыпщIэрти, бжьэхуц налъэм кIагъуэ фIыцIэу Iугъуэ пихурт. Аргуэру къыпилъэфыртти, мафIэ щIидзэрт, аргуэру мафIэм зибзеижьырти, бжьэхуц лыкхъурымэм сабийр итхьэлэрт.

Бжьэхуцым мафIэ ищтэрэт-тIэ?! Петя и плъыржьэрысым иджыпсту къыхуэджэ теплъэгъуэр Іуэщхьутэкъым. НэхъапэIуэкIэ я унэ къыщыхьуат ар... джэгуэ пэт.

А бжьэхуц тыкуэхуэм щIэмына я мафIэр и кIэжьауIэу Евдокие иджы къеIэрт Къэзахъстаным-кIэ. Псэ хьэхур IэфIыщэти, кIэтIий кIапэр IэфI гуащIэт.

Псыхьэ щIалэм и зекIуэ

ИЛЪЭСИТI мэхъу Хьэту Мацулэ Арысь кьалэм зэрыщыпсэуэрэ. Къэрал псом щIыззбградзу а кьалэм щыIэзхуэсыжа Хьэту зэкъуэшхэр ныбжьэ, я щхьэ япIыж. Мацулэми Мэкъуауэхэ япхъу къраГъэшэжри, я Iьэгу банэ хэхужа хуэдэщ. Хэхужьнут-тIэ, быныр банэу щытатэмэ!

Пщэдджыжьыпэ гуэру Петя и Iэхэр зыIыгъ Евдокиер Хьэтухэ я куэбжапэ къыщыIухутам, зэкъуэшхэр губгъуэм ихьакIэт. БжащхьэIум къытехьащ Мэкъуауэхэ япхъу нысащIэр. Адэкlэ къэхъуар щIалэ цIыкIум и дихьэшхэмкI, зэтIуанитIым я дихьэгъэ гуимыхужт. Петя и щыпэлъагъуэтэкъым зэпщфыIэ, дауи ирехъуи, илъэсихкIэ зэдэщIепсэуар каторжан хьэблэт, къыздрихари лъапэ удынт...

Гу кIуэм илъэситкIэ къыкIэрыхуа бзылъхугъэр Арысь къыщыIэзэпэщIэувэри, къалэбгъуэм дэкIщ, «Овраги» жьлэм ятIэ унэ-ятIэ лъагъэ зы пхъэ гъуэлъыпIэжь къута фIэкIа зыщIэмыгт пэщ цIыкIуитIым цIыкIуэ хуэщIа гъэрым я жьыIуэ-гъуэ хуэщIа гъэрым я жьыIуэ-кIуэ-лъэсакIуэу етIысылIат. Евдокие, къыкIэпъыкIуам и сапэщIыбым щыгъуазэ къыщIэкIынти, щIалищыр здищтэри етIысылIэжащ. Мыдэкlэ езы Мацулэрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ дауэрэ емыIэлIами, зы Iэмал хуагъуэтакъым Петя къаритыжыну. Абы ехутыпIэри, Сыбырым щIэныгъ бгырысхэр гуп цIыхуэхуэрэ Къэзахъстанымкlэ къэIэпхъуэну унафэ къыдэкIащ. Апхуэдэкlэрэ Къэбэрдейм кьихьэжыну гугъэ къызыхуэкъуэплъакъэр Арысь къэзахъ къалэм къэIэпхъуат, Кемеровэ щIыналъэм къыкIри.

И бынищым яхэсу Осинники къыдэна Евдокие Гъусэ хуэхъужар «Пластэ къаугъэщI» зи нэрыгъти, зыкъызэкъуихыпэри, хуит хъуат иджы. Петя и мыльхъадэр зэращIа чеижву ефэрт; чэф зэриIущу: «Укъыхсхуэпэжатэкъым... Мо пэфIыцIэм бын хуэбгъуэтащ» - ирихъэунурэ лъэдакъэкIэ щIалэ цIыкIур КIуэцIкIухьхьжырт. Чэфыр щытеужми, темыужьыххэр лIы кIуэцIейм и гужьгъэжьыри, Мацулэ и къуэ, мыгъуэр зи мыгъуэр - аргуэру шырыкъу лъэпэрыдт. Апхуэдэурэ кIуэрт мазэхэр. ИкIырт илъэсыр. КIэлъыкIуэжьырт етIуанэр. «Зинэкlэ кьалъхуа пэфIыцIэр» зэ фIыуэ къимыдыныхьауэ махуэр дихмэ, мыльхъадэр зэгъэуэдыпэнчт.

Пъэщ1эгъэуэнщ1ащ цIыку цIыкIум и дзэ къихьыпIэхэр! НтIэ, зыр пэфIыцIэмэ, тIур лъапIэжьыу бын зэмыгъэгъуиущ ззэыгъэгъуэта Евдокие иджы IэфракIэпэм едзэкъэжьыт: Петя сымаджэщым щIэлът, иужьрей укIыгъуэм сабийр Iисраф ицIауэ.

Плъыржьэрэт щIалэ цIыкIур. Плъыржьэрти, апхуэдэу уэсукъуэм хэжаеурэ и пIыIэ шопсыр къыфIещэтэхырт. Плъыржьэрти, Iэгъуэ-Iэгъуэрэ бжьэхуц тыкуэхуэм къыркуэ къыпилъэфырт. Къыркуэ пытхьэхуэм еплIалIэу хуихь щхьэкIэ, мафIэ бзийр дэгуу телыпщIэрти, бжьэхуц налъэм кIагъуэ фIыцIэу Iугъуэ пихурт. Аргуэру къыпилъэфыртти, мафIэ щIидзэрт, аргуэру мафIэм зибзеижьырти, бжьэхуц лыкхъурымэм сабийр итхьэлэрт.

Бжьэхуцым мафIэ ищтэрэт-тIэ?! Петя и плъыржьэрысым иджыпсту къыхуэджэ теплъэгъуэр Іуэщхьутэкъым. НэхъапэIуэкIэ я унэ къыщыхьуат ар... джэгуэ пэт.

А бжьэхуц тыкуэхуэм щIэмына я мафIэр и кIэжьауIэу Евдокие иджы къеIэрт Къэзахъстаным-кIэ. Псэ хьэхур IэфIыщэти, кIэтIий кIапэр IэфI гуащIэт.

Лэгъупыкъу дыхьэрэнхэр

КЪЫЛЫШБИЙХЬЭБЛЭ дэтIысхьэжри, Хьэтухэ пэрыхьащ колхоз лэжьыгъэм. Мэкъу паупщIыри, зэщIакъуэжырт. Жьыг хадэ ягъэкIырт. Гъавэ ящIэрт. Петя иджы ябгъэдэст анэшхуэ-адэшхуэм, адэм, абы и щхьэгъусэм.

Мацулэ бжьахъуэт. «Кошкинджэду фIыцIэтэкъым» иджы Петя, ар Хьэту Мацулэ и къуэ закъуат. ЩIалэр щеджэт Кошкинбийхьэблэ дэт курыт еджапIэм. Адыгэбзэри хуэбзэмыIу цIыкIум ирагъэджащ ПIаз Бытыр ипхъу Хьэужьдрэ Ашыгъыр Батокъуэ ипхъу Iэминатрэ. А егъэджакIуэхэм папщIэ Пётр етх: «Сыкъатгъэнэрти, щхьэхуэу гугъу зыкъыбийхьэблэ дэт курыт еджапIэм. Адыгэбзэри хуэбзэмыIу цIыкIум ирагъэджащ ПIаз Бытыр ипхъу Хьэужьдрэ Ашыгъыр Батокъуэ ипхъу Iэминатрэ. А егъэджакIуэхэм папщIэ Пётр етх: «Сыкъатгъэнэрти, щхьэхуэу гугъу зыкъыбийхьэблэ дэт курыт еджапIэм. Сиериврэ Иорданиемрэ (1965 гъэ) утыку къыщIирихьащ. И щхьэзакъуэ выставкэхэр (1995, 2000 гъэхэм) Налшык щекIуэкIащ, и сурэтхэм щIэуп-щIэшхуэ яIэу.

Республикэм къыщызэрагъэпэщащ Іуэхуэгъуэхэм Индрисым и сурэтхэм увыIэфI щауфыщ, жылагъуэ ухуэныгъэхэр егъэдахэ, щIыналъэм и музейхэм я фондхэм щахъумэ. Апхуэдэу Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хамэ хэзаралхэм щIыпсэухэм ящIащ куэдым Залымухан и лэжьыгъэхэр зэхуахьэс.

Сурэтыщ1ым и Iэдакъэ къыщIэкIащ и щхьэгъусэм, бынхэм, Іыхьлъхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм я портретхэр. ЩIыуэпсым, гъэм и зэманхэм, бгы уардэхэм я дахагъэм теухуахэри и мащIэкъым. КъыкIыныжьыщIауэ, лэжьыгъэ куэд триухуащ лъэпкъ хабзэр, фащэр, адыгэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щIэинхэмрэ хъумэным. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ адыгэ хъугъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIым триухуар. Псыежэхэм зэпырыкI, лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ шууейжм я суэрэтри фIыуэ къехъулIащ. Ар апхуэдизкIэ Іупщ1ащ, суРэттехкIэ трахам хуэдэщ.

Залымухан и лэжьыгъэхэр адрейхэм къащхьащIызыгъэкIыр, нэгъуэщIхэм щIахэмыгъуэщIар Мысырым, Алыджым ильэс минищ ипэкIэ къыщыунэхуа «энкаустикэ» техникэм и Iэмалхэр кьигъэсэбэпурэ и суРэтхэр зэрищIырщ. НэхьащIхьэращи, а Iэмалэр, нэгъуэщIу жьпIэмэ, шэху (воск) пщтыркIэ ищI и суРэтхэм лIэщIыгъуэ мин зыбжанэкIэ зыри кьащIыщынукъым, я плъыфэхэми захъуэжьнукъым. Дуней псом и суРэтыщI куэдым абы зыщIрамыпщытыр а техникэр зэрыгугъуураУэ къыщIэкIынущ. Абы и щыхьэтщ а Iэмалыр иджыпсту къэзыгъэсэбэп суРэтыщIхэр зэрымащIэр, уеблэмэ апхуэдэхэм я бжыгъэхэр Іэпэкlэ къыззэрыпхуэбжьынр.

- Мысырхэм япэу къаГъэщIа «энкаустикэ» техникэм алыджхэр хагъэгъуэзащ. Иужьрейхэм а Іуэхур иратъэфIэкIуэжри лэжьыгъэ Гъэззэджэхэр я Іэдакъэ къыщIэкIащ. Къэбгъэльагъуэмэ, суРэтыщIхэр зэпеуэрт ар къаГъэсэбэпу лэжьыгъэ къызэрыщигъэгъуэ гу лъюботэ. Ар суРэтыщI нэсщ, художник щIалэхэм я щапхъэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ДифI догъэлъапIэ

● Юбилей

НэгъуэщIхэм яхэгъуащэркъым

Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт Индрис Залымухан и ныбжьыр мэкъуауэгъуэм и 18-м илъэс 80 ирокъуащ.

ИНДРИС Залымухан 1940 гъэм Налшык къыщалъхуащ. 1968 гъэм Краснодар дэт художественнэ училищэр къиуващ. И лэжьыгъэхэр урысейпсо, союзпсо (1969 гъэ) гъэлъэгъуэныгъэхэм, Сириемрэ Иорданиемрэ (1965 гъэ) утыку къыщIирихьащ. И щхьэзакъуэ выставкэхэр (1995, 2000 гъэхэм) Налшык щекIуэкIащ, и суРэтхэм щIэупщIэшхуэ яIэу.

Республикэм къыщызэрагъэпэщащ Іуэхуэгъуэхэм Индрисым и суРэтхэм увыIэфI щауфыщ, жылагъуэ ухуэныгъэхэр егъэдахэ, щIыналъэм и музейхэм я фондхэм щахъумэ. Апхуэдэу Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хамэ хэзаралхэм щIыпсэухэм ящIащ куэдым Залымухан и лэжьыгъэхэр зэхуахьэс.

Сурэтыщ1ым и Iэдакъэ къыщIэкIащ и щхьэгъусэм, бынхэм, Іыхьлъхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм я портретхэр. ЩIыуэпсым, гъэм и зэманхэм, бгы уардэхэм я дахагъэм теухуахэри и мащIэкъым. КъыкIыныжьыщIауэ, лэжьыгъэ куэд триухуащ лъэпкъ хабзэр, фащэр, адыгэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щIэинхэмрэ хъумэным. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ адыгэ хъугъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIым триухуар. Псыежэхэм зэпырыкI, лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ шууейжм я суэрэтри фIыуэ къехъулIащ. Ар апхуэдизкIэ Іупщ1ащ, суРэттехкIэ трахам хуэдэщ.

Залымухан и лэжьыгъэхэр адрейхэм къащхьащIызыгъэкIыр, нэгъуэщIхэм щIахэмыгъуэщIар Мысырым, Алыджым ильэс минищ ипэкIэ къыщыунэхуа «энкаустикэ» техникэм и Iэмалхэр кьигъэсэбэпурэ и суРэтхэр зэрищIырщ. НэхьащIхьэращи, а Iэмалэр, нэгъуэщIу жьпIэмэ, шэху (воск) пщтыркIэ ищI и суРэтхэм лIэщIыгъуэ мин зыбжанэкIэ зыри кьащIыщынукъым, я плъыфэхэми захъуэжьнукъым. Дуней псом и суРэтыщI куэдым абы зыщIрамыпщытыр а техникэр зэрыгугъуураУэ къыщIэкIынущ. Абы и щыхьэтщ а Iэмалыр иджыпсту къэзыгъэсэбэп суРэтыщIхэр зэрымащIэр, уеблэмэ апхуэдэхэм я бжыгъэхэр Іэпэкlэ къыззэрыпхуэбжьынр.

- Мысырхэм япэу къаГъэщIа «энкаустикэ» техникэм алыджхэр хагъэгъуэзащ. Иужьрейхэм а Іуэхур иратъэфIэкIуэжри лэжьыгъэ Гъэззэджэхэр я Іэдакъэ къыщIэкIащ. Къэбгъэльагъуэмэ, суРэтыщIхэр зэпеуэрт ар къаГъэсэбэпу лэжьыгъэ къызэрыщигъэгъуэ гу лъюботэ. Ар суРэтыщI нэсщ, художник щIалэхэм я щапхъэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ и Оперативнэ штабым къет

2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлIэу

Узыр япкъырытрэ япкъырымытрэ къаухутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 78.093-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 4511-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 75-рэ

Сымаджэщхэм щIэлъхэр - 1358-рэ

Реанимацэм щIэлъхэр - 61-рэ

Хьужьхэр - 2423-рэ

Вирусым и зэранкIэ дунейм екьыжахэр - 47-рэ

Я унэхэм щIэсу зыкIэлъыплъхэр - 2179-рэ

Амбулаторнэу ягъэхъужьхэр - 1606-рэ

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъэкIэ щIыхухэр здапсалъэ хъыну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

КЪАРМЭ Iэсият.

Абгъуэ бгынэжа

Ди унэ щІыхьэпІэм Іут щІэщІ къэнжалыщхьэм и щІагъым илъэсищ хъуауэ пщІащхъуэ абгъуэ бгынэжа кІэщІэтщ. Пэ къэскІэ абы пщІащхъуэ къИтІысыжьмыу си гугъэу соплъэ, ауэ абгъуэр Іумпэм ящІ, зы лажьэ имыІэ пэтми. ПщІащхъуэм уабгынэну мыфІу жаІэри, сигу ныкъуэщ.

ВжесІэжьынщ а абгъуэр ябгынэн хуей щІэхъуар. ИльэсищитІ ипэкІэ пщІащхъуэ цыкІуитІ къытхуэкІуэри, щхьэкъэІэт ямыІэу тхьэмахуэ зэхуакъ енкІэ ящІащ а абгъуэр. Зэман дэкІри, шыр цыкІуиплІ къращащ. Еш ямыщІэжу махуэ псом ягъашхэрт я шырхэр а тІум. Абыхэм ящыщ зыгъэр абгъуэм кьыззэрблІэгъэжу, шыр цІыкІуиплІым я жьэр ину ущІауэ абгъуэм зикъэрашиикІырт. Бадзэ е хьэпІащІэ цыкІу кьызыпъысам иригъэлъэтэхырт, адрейхэри етІысэхыжырт куэд дэмыкІыу езыхэми кьыззрыхуахьынур ящІэ хуэдэ. Къызэрырашрэ тхьэмахуэ зытІущ дэкІауэ, си гум къихьащ пщІащхъуэ шыр цыкІыхэм нэхъ гъунэгъуІуэу селпІыну. ПкІэлъей езупсейрэ сыдэкІуеймэ, шыр цІыкІуиплІыр, заудыгъууэ, исщ абгъуэм.

Зы пщІащхъуэ шыр цыкІу сыхуэсакъыпэу къэсщтауэ пкІэлъейм сызыдетыем, си щхьэщыгум зэуэ зыгуэрым зыкъытридзэри Іуъэтыжащ. А зэрымыщІэу къызззбгъэрыкІуа пщІащхъуэм сыкъигъащтэри, си Іэгум ис шыр цІыкІур къысІэщІэхуащ. Ар щІым нэмысипэу и дамэ цІыкІухэм ябгъуатэри, зиІэт-къелъэхъшэхыжурэ, жэнэтбзу лъэтэкІэу ди гъунэгъум я дэшхуей жыгым зэрыхэлъэтар слъэгъуащ.

КъысІэщІэщІар си жагъуэ хъужауэ пкІэлъейм сыздытетым, пщІащхъуэ зытхух зэрыхьзэрийуэ къызззбгъэрыкІуащ. Абыхэм сыт къызащІэфынт сэ, ауэ, зызумысыжьнщи, сыкъэуІэбжьат икІи сызытет пкІэлъейм схуэмыхъуу сыкърахухыжауэ щытащ. ПкІэлъейр къэсщтэжу унэ щІыбгъыбмкІэ ехьэжьыхьыу зыбжанэрэ къызззбгъэрыкІуащ а пщІащхъэ гупыр.

Ди гъунэгъум я дэшхуейм сыдэпщейуэ къудамэ зырызу къызыпэсплъэныхь щхьэкІэ, пщІащхъуэ шыр цІыкІур згъуэтыжакъым. Ар си жагъуэ хъуащ. «КъыщилъэтыхьыфкІэ, и анэм къигъуэтыжынщи къишэжынщ», - жысІэри си гур згъэфІат. АрщхьэкІэ а цІыкІур си зэрранкІэ кІуэдауэ щытащ. Абы иужькІэ, пщантІэм сыдэтми, унэм сыщІыхьэжу я абгъуэм гъунэгъу сыхуэхъуми, гуауэм хэздза а пщІащхъуэ цІыкІуитІым зыкъыхсхурамыдзыхьу къэнакъым. Мис апхуэдэу кьызззбийхэурэ бжьыхьэм пщІащхъуэ зэрыбынир лъэтэжащ.

Абы лъандэрэ пщІащхъуэ къытхуэкІуэжьркъым. Хъунщ иджы, а пщІащхъуэ зэрыбыным зэран зэрымыщІэкІэ сахуэхъуами, адрейхэм сыт есщІа? Дэни къыщащІа ди пщІантІэм зэран хъуа зэрыдэсыр?

ПщІащхъуэ псоми «жраІэжауэ» пІэрэ а тІум есщІауэ щытар?

ПХЫТІЫКІ Юрэ.
Шэджэм къалэ

● ЗэвгъэцІыху

Хэт хъуну Аиссе?



Мы сурэтым щыфІадгъур франджы литературэм и тхакІуэ цІэрыІуэ Шарлоттэ-Элизабет Аиссещ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, ХьэІишэткІэ зэджэ адыгэ цІыхубзыщ. Ар къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 326-рэ ирокъу.

ХьЭИШЭТ и ныбжьыр илъэсибл фІэкІа мыхъуауэ, Истамбыл бззэрым къыщащхъугъащ, иужькІэ Франджым яшащ. Ар пщащэ дахэт, псэм дыхьэ жыхуаІэм хуэдэт. ХьэІишэт франджыбзэр ІэкІуэльэкІуэу зригъэщІащ, ар пшынэм хуэдэу игъэбзэрабзэрт. Абы щІыхубз зэкІуэ, акъылыфІэ къищІыкІащ, тхакІуэ ГъуэзэджэхъуащІ.

ХьэІишэт и тхыгъэхэр урысибзэкІи ди къэралым къыщыдэкІащ, ахэр Налшык дыди дунейм къыщытехьащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и фІыгъэкІэ.

Зи гугъу сщІы адыгэ цІыхубз телъыджэм Франджым и тхакІуэхэм тхыгъэ инхэр тратхыхьащ, абы теухуащ инджылыз Кемпбелл Прейд и романыншхуэ.

Мейкъуэпэ Пушкиным и цІэр зезыхьэ къэрал театрым щагъэувауэ щытащ драматург цІэрыІуэ ЩхьэпльокъуэХьисэ и «ХьэІишэт» пьесэм къытращІыкІа спектаклыр.

ТхакІуэ цІэрыІуэ Мэшбащ Исхьэкъи роман триухуащ Аиссе. А тхыгъэшхэм къытращІыкІынурэ дызэрыт гъэмахуэм трахынущ художественнэ фильм. ХьэІишэт и ролыр зыгъэзэщІэнур Нарткъалэ щыщ актрисэ Мамрэш Светланэщ.

ХьэІишэт (Аиссе) 1733 гъэм дунейм ехьжащ. И Іэуку телъыджэхэр щызэрихьар хамэ хъэралми, адыгэ псори абы дрогушхуэ. Ар дыдейщ, ди лъэпкъ набдзэщ, адыгэ анэм кьилъхуащ.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

Франджым и ЛІыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан

Бадзэуэгъуэм и 14-м илъэс 231-рэ ирокъу франджы революцэ Иныр. Іуэхугъуэ тельыджэт ар. ГуащІэрыпсэуэхм ІэщэяІыгъуэ зыкъаІэтщ, Париж дэт хьэпс-быдапІэ Бастилиер яубыдри, щІым щыщ ящІыжат. Абы къигъэлъэгъуащ цІыхубэр щызэхъуэтым и деж къару лъэщ зэррыхъур.

ИПЪЭС 231-рэ илъэсІэ кІуэкІа революцэм и пщІэм хуэфащэу псэуащ зи гугъу фхуэтщІыну цІыхубз гуащІафІэр.

Ди лъэпкъэгъу бзыльхугъэ Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан «хьет» жриГьэІэу щыпсэуащ Франджым. Илъэс 35-рэ илъэсІэ дунейм щехьыжьым, абы и хьэдэр къэралым и унафэкІэ Инвалидхэм я унэм (Париж) щалъхьащ. Абы ялъ зэи къэмыхъуа Іуэхугъуэт ар. Инвалидхэм я унэр зэрыщІыІэ илъэс 350-м къриубыдэу Франджым и цІэр зыІэта, лІыгъэшхуэ зезыхьа цІыхухъу фІэкІа абы щІалъхьатэкъым.

Езым и хахуагъэкІэ Хьэгъундокъуэм ар къилэжьащ. Фашист зэрыпхъуакІуэкэр Франджым 1940 гъэм къыщытеуа махуэм щегъэжьауэ, зауэр иухыху Елмэсхъан сэлэт щыгъыныр щихакъым. Ар дохутырт. Адыгэ пщащэм и унафэм щІэт сымаджэщым цІыху мин бжыгъэ ажалым къригъэлащ. Хьэгъундокъуэр зауэм мызэ-мытІэу щыхэта къэхъуащ Іэщэ иІыгъуу. Абы и зэфэкІыр, гулъытэр, псэ ІэфІагъыр псоми яфІэтелъыджэт. «Адыгэ Жанно д'Арк» - апхуэдэут Елмэсхъан къызэреджэр.

США-м, Инджылызым, Франджым я дзэр зэпрыкІыу Германием щихьам, Елмэсхъан япэ дыдэ итахэм ябгъурытащ. 1945 гъэм, бадзэуэгъуэм (июлым) и 14-м, Париж щекІуэкІащ Текіуахэм я епльэныгъэ. Абы хэтащ адыгэ лъэпкъым ипхъу хъыжьэ, Франджым и ЛІыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан.

Къармэхьэблэ щыщ бзылъхугъэм, генерал Хьэгъундокъуэ Едыдж и пхъум, къыхуагъэфэщат «ПщІэ льагэ зиІэ легион», «Зауэм щиІа щІыхьым папщІэ», «Дзэ жор» орденхэр, «ЛІыгъэ зэрихьам папщІэ» медалыр икІи нэгъуэщІ франджы дамыгъэ лъапІэхэр. Фашизмэм ебэныным хилъхьар къальытэурэ, хамэ къэрал зыбжанэми Елмэсхъан орден, медалхэр къратащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Польшэм абы къыхуигъэфэща «Дыщэ жорыр».

КъызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэу псэуащ Хьэгъундокъуэхэр я пхъур. Абы и ІуэхуащІафэхэми, и дуней тетыкІами уримыгушхуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан и цІэр Франджым и тхыдэм дыщэпскІэ итхащ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд.

● ГъэщІэгъуэнщ

Илъэс дапщэкІэ псэурэ цІыхур?

Мывэ, гъуаплъэ лІэщІыгъуэхэм я лъэхъэнэм цІыхур илъэс пщыкІуий, тІощІ нэхъыбэ псэуртэкъым. Пасэрей Урымым (Римым) и зэманхэм цІыху гъащІэр илъэс тІощІрэ ирэ, тІощІрэ пщІым нэсащ. Апхуэдэу щыт пэтми, пасэрейхэм яхэтащ гъащІэшхуэ зиІахэр. Урымым и къэфакІуэ цІэрыІуэу щыта Іюцее илъэсищкІэ сценэм итащ. Уеблэмэ, а цІыхубзыр илъэсищэрэ пщыкІутІрэ хъуа нэужьи къэфауэ жаІэжырт.

Пасэрей алыджхэм (грекхэм) я дохутырышхуэ Гиппократ цІыхухэм чэнджэщ яритырт нэхъыбэрэ псэун щхьэкІэ тэмэму дунейм тетыну, гимнастикэ ящІыну, жьы къабзэм нэхъыбэрэ хэтыну, лъэсу куэдрэ къакІухьыну. Езы Гиппократ илъэсищэрэ плІыкІэ псэуащ.

Нэхъапэм щыгъуэ псэуа цІыху цІэрыІуэхэм куэду яхэтащ ныбжьышхуэ къззыгъэщІахэр. Апхуэдэщ урыс тхакІуэшхуэ Толстой Лев.

Мэжэр (венгр) Ровель Сарэрэ и щхьэгъусэ Джонрэ илъэсищэрэ хыщІрэ плІыкІэ зэдзэпсэуащ. Джон дунейм щехьажам и ныбжьыр илъэсищэрэ ищІрэ плІырэ хъурт. Илъэсищэрэ пщыкІухкІэ псэуащ абыхэм я къуэ нэхъыщІэри.

Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкІэ, цІыхур псэуфынущ илъэсищэрэ пщыкІутхурэ, илъэсищэрэ тІощІрэ.

Индонезием щыщ мэкъумэшыщІэ цІыхубз Сурья илъэсищэрэ пщІейрэ къигъэщІауэ ятх. Ар и ныбжьым емылъытауэ жыдджэрт, щІалэгъуалэм япеуэу губгъуэм щыпажьэрт.

1973 гъэм и ныбжьыр илъэсищэрэ хыщІрэ им иту дунейм ехьжащ азербайджан мэкъумэшыщІэ Муслимов Ширали.

Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэми къахохІ илъэс куэдкІэ псэухэр.

БОРЕЙ Рауф,
географие щІэныгъэхэм я доктор.

Уирэ! УитІ! Уирэ! Уишт!

Тыжьым куэбжэр Іуиуда,
Уирэ! УитІ!
Хьэмыщэжьыр къыхуилъа,
Уирэ! Уишт!
Тыжьыр уэну къикІуэта,
Уирэ! УитІ!
Хьэмыщэжьыр тегушхуа,
Уирэ! Уишт!
Тыжьыр пкІэри епыджа,
Уирэ! УитІ!
Хьэмыщэжьыр къэпщІэуа,
Уирэ! Уишт!
Тыжьыр уэну щикІуэтыжым,
Уирэ! УитІ!
Хьэмыщэжьыр щІэпхъуэжакъэ,
Уирэ! УитІ! Уирэ! Уишт!

ХЬЭТУ Пётр.

Амазонкэ и псыхъуэхэм къыщокІ

КАУЧУК жыгхэр нэхъапэм къыщыкІыу щытар Бразилием и закъуэщ. Абы хэхъуэщхуэ къызэритым щхьэкІэ, 1971 гъэм Бразилием унафэ къыщыдагъэкІауэ щытащ жыг жьлэр къэралым изышым и щхьэр палъэну. Ауэ инджылыз Уиктэм Генри хуэфІэкІыгъащ жыг жьлэ Бразилием къришыну. Ахэр Лондон дэт ботаникэ хадэм къыщигъэкІри, жыгыщІэ цІыкІуэр Цейлоным щыхисащ. ИужькІэ абы ирашыжурэ каучук жыгхэр Юго-Восточнэ Азием и нэгъуэщІ къэралхэм щызэлъащІысащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ Бразилиер каучукым и тепщэу щытыным кІэ игъуэтащ.

Амазонкэ и псыхъуэхэм къыщыкІ жыг лІэужьыгъуэ куэдым цІыхум сэбэпынагъышхуэ кърет. А жыгхэм яхэтщ Іэщым къит шэм хуэдэ дыдэ къызыщІашхэр, щыІэщ шоколад жыгхэри, хъуэан къызыпыкІэхэри. Маморин, анон, папани жыхуаІэ жыгхэм къапыкІэ пхъэщхьэмыщхьэхэр икъукІэ къэуатщ икІи Іэфіщ. Дуней псом щыщІэрыІуэщ Бразилием къыщыкІ жыгхэм къапыкІэ дэхэр. Ар хамэ къэралхэм ирагъашэ, хэхъуэшхуэ кърет.

Амазонкэ и псыхъуэхэм къыщокІ кокос пальмэхэри. Апхуэдэ жыгхэм «индейцхэм я универсал тыкуэнкІэ» йоджэ. А пальмэхэм кьыхащыкІ унэльащІэхэр, кхъуафэжьей, фоч, унагъуэм кьыщагъэсэбэп нэгъуэщІ хьэпшып цІыкІуфэкІуэр. Пальмэм и къудамэгъэжьщІэ цІыкІухэр, «пальмэ хъэбистэкІэ» зэджэр, яшх. Пальмэм и псым сироп, фошыгъу къыхащыкІ.

ЩыІэщ ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп жыгхэри. Абыхэм языныкъуэхэр жырым хуэдэу быдэщ, бдзапщІэм хуэдэу хьэлъэщ, языныкъуэхэри жьыхум хуэдэу псынщІэщ.

Жыг лІэужьыгъуэ куэдым хущхъуэ къыхах. Хинэ жыгым хинин къыхащыкІ. Апхуэдэщ а жыгым щІигъуэтам и хъыбарри гъэщІэгъуэнщ. Испанием икІуэ щыІэ тепщэм и щхьэгъусэ Хинон сымаджэ хьэлъэ хъуат, техьэгъуэ гуащІэ къытехьэрт. Абы и унэІут индианкэ цІыхубзым жыг пхъафэр иущэбурэ и гуащэр иригъэфащ. Хинон хъужащ. Апхуэдэу индейцхэм я фІыщІэкІэ цІыхухэм кьаІэрыхьащ миллион Іэджэ ажалым къезыгъэла хущхъуэр.

КЪЭСЕЙ Алий.

Бзэгъэбзэрабзэ

Джыкъуэ щІакъуэ и къуэ Дыкъуэ ныкъуэдыкъуэр мо къуэ закъуэм екъуу дохьэ.

* * *

Мо фи хъупыр япэрыхъуп? Мо фи хъупыр япэрыхъуп?

* * *

Дыгъэ къепсым сыкъригъэпсри, си нэпсыр ткІуэпс - ткІуэпсу къыщигъэлъэлъащ.

* * *

ПхъащІэм хьэщІэм хуищІа гущІэм выщІэр щИищІэри, нэщІу пІащІэу пхащІэм кІуащ.

* * *

Мыщэр пэщащэу мыщэхупщейм дэпщейри, нэхущым къепщыхьжащ.

* * *

ТІыкІурэ КІукІурэ екІуу макІуэ мэракІуэхьэ...

Зытхыжар
УЭРТЭН Марианнэщ.



Си анэбзэ - си адыгэбзэ

Уэрэд

Пщэдджьжь нэхулъэм
Вагъуэр пылъэльри,
Къуалэбзубзэр
Махъур пшынэбзэ,
Бзум и бзэ дахэр
СфІощІ си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

Ежьу:
КъэтІысыт сибгъукІэ,
Си анэ дыщэ,
Гущэкъу уэрэдкІэ
КъызэІущащэ,
Сэ псэуэ сиІэр
Ар си анэбзэщ,
Ар си анэбзэ,
Си адыгэбзэщ.

Жыгей мэзыжьу
Жьым кьигъэушым
Ныдэуэршэру
Псынэр мэушэ,
Псынэ Іущащэр
СфІощІ си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ,

Ежьу
Гъатхэ накъыгъэм
ЩІыр игъэпсальэу,
Гухэльхэр бэмыгъэу
Къызэрыльхьым,
ЩІылъэм Іурылъыр
СфІощІ си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

Ежьу
Псалъэхэр
ДЖЭДГЪЭФ Борис *итхащ.*

Псалъэзэблэдз

1. Венерэ планетэм адыгэхэр зэреджэр. **2**. Урысыбзэм «Созвездие» жыхуиІэр адыгэбзэкІэ. **3**. «Гроза» урыс псалъэр адыгэбзэкІэ. **4**. Пшэм зэреджэ пасэрей адыгэ псалъэжь. **5**. Нэху лъэпкъ здэщымыІэ жщІ. **6**. «Молния» урыс псалъэр адыгэбзэкІэ. **7**. «Млечный путь» урыс псалъэр анэдэлъхубзэкІэ. **8**. «Метеор, метеорит» жыхуиІэхэр ди бзэмкІэ. **9**. Башым иарагъэщхь вагъуэбзм адыгэхэр зэреджэр. **10**. Уафэтхьэ.

Жэуапхэр тэмэммэ, сатыр къехым фыкъыщеджэнщ «Большая Медведица» вагъуэ быным адыгэхэр зэреджэ псалъэм.

Жэуапхэр: 1. Нэхэтыкъуэ. 2. Вагъуэбзэ. 3. Хэдзэрыгъуэ. 4. Уэлэ. 5. Мазэхэ. 7. Цыхьэмпэ. 8. Балъгъэ. 9. Балъгъэ. 10. Цыфлъ.

● ЖыІэгъуэхэр

●Акъылым и анэр гупсысэщ.
●Бзэгур джатэм нэхърэ нэхъ жанщ.
●Акъыл кІэщІыр бзэгу кІыхьщ.
●Акъыл зиІэр еджэнкІэ иригъуркъым.
●ПсалъэфІ нэхърэ Іуэхуфі.

● Псалъэжьхэр

♦Бзэ Іей щыІэкъым, бзэр Іейуэ зыщІэ мыхъумэ.
♦Зи бзэ теукІытыхьыжрэ зи анэ теукІытыхьыжрэ.
♦ЦІыху лъэпкъым и псэр бзэращ.
♦Уи анэ къыбжиІэм едаІуэ, уи адэ къыбжиІэр гъэзащІэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур мэкъуауэгъуэм и 26-рщ.

ГуэшыкІэ

БжэІупэм Іус дадэм и деж гъунэгъу хъыджэбз цІыкІухэр къэкІуащ. Ахэр хы хъурт. Дадэ бгъэдэт кІэрзинкІэм мыІэрысих ильти, цІыкІухэм яхуигъэшащ, абы щащІэу мыІэрзинкІэм зы мыІэрысэ кьинэжу.

Дауэ мыІэрысэр цІыкІухэм зэрахуигуэша щІыкІэр?

Бжьгъэ гъэщІэгъуэнхэр

ТІум тІу хэплъхьэми, тІур тІукІэ бгъэбагъуэми - къащІэкІыр зыщ. ПлІыщ. Бжьгъащым деж-щэ? Апхуэдэхэри кьэгъуэтыгъуейкъым.

Щапхъэ: 1+2+3=6; 1х2х3=6.

БжьгъэплІ зэхэплъхьэу е ардыдэхэр зэхуэбгъэбгъуэжа нэужь, къащІэкІыр зыуэ къызэрыпхъуэгъуэтыну щыІэр зы Іэмалщ. Ауэ бжьгъэхэр тху щыхьым и деж, щІыжькІэ зэмыщІыху щІа къыпхуэгъуэтынущ.

Сыт хуэдэ Іэмал хуекІуэн хуейуэ пІэрэ псом щыгъуэми?

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыпатъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 2.113
Заказ №1210